



Fanmi Tombeau


Ki soti: **Brooklyn**

Pou travay yo ak:

Tou Gol

Tombeau Samuel: Geolog, 31 ane. **Tombeau Chrisnor:** Eng. Elektwonisyen 27 ane. **Tombeau Jonas:** Ekonomis 24 ane. 3 gason sa yo se fre ki etidye nan Inivèsite Leta. Yo rete nan Solèy 9, Site Soley. Tout 3 frè sa yo genyen yon talan ekstraodine pou Matematik, chimik, fizik. Yo tout konprann valè edikasyon. Men yo te byen konprann defi ak baryè ki konn bloke timoun Site Solèy nan zafè edikasyon, sitou nan lekòl Leta yo paske souvan pwofesè konn pa touche e fè grèv.

Nan 2000, fanmi Tombeau te fòme Tou Gol kòm yon sèvis kou retrapaj pou ede timoun yo prepare pou egzamen Leta yo. Chak ane, yo resevwa 400 elèv nan mwa Avril, Me, Jwen, Jiye. Chak samdi nan Lise Nasyoanal Site Solèy yo rasanble yon ekip jèn Solèyan ki gentan pase egzamen Leta pou ede. Yo bay bonjan sèvis ak santenn timoun Solèyan ki depann sou kou ratrapaj sa. Yo tèlman bay bon rezilta elèv sòti toupatou – menm kote deyò Site Soley – pou patisipe nan kou ratrapaj sa. Sa tou ede detwi stigma ki genyen do Site Solèy. 3 frè sa yo se fè fyète Site Solèy nan sans pa yo.



Louis Geleste

Ki soti: **3BB**

Pou travay li ak:

ENFANT & Leglise Nazareen

Louis Geleste se yon jèn lidè ke tout moun konnen nan zòn 3BB, Site Solèy. Li te ede fonde òganizasyon ENFANT nan 2007, ki genyen yon misyon pou ankadre timoun nan katye li. Yo genyen anpil aktivite edikasyonèl, kiltirèl, ak sivik pou angaje timoun ak jèn moun nan zòn yo, yon manwen pou ede kreye bon sitwayen pou peyi a.

Ane sa a, Louis vin responsab pou komansè konpetisyon Mis Solèy, ki te valorize jèn ti fi nan zòn li. Yon manwe pou ede ti fi ak fanm jwen konpran vale yo e rive pran plas yo nan devlopman nan kominote yo. Li te rekonèt ke genyen anpil aktivite pou jèn nan Site Solèy ki pa enkli fi. Se sa ki te motive li pou lanse konpetisyon sa a kòm yon platfòm pou tifi ak jèn fanm nan kominote a.

Geleste te yon nan mamb fondatè La Difference, ki se youn nan katye ki kanpe kòm yon modèl pou tout Site Solèy. Efò li yo enpòtan anpil pou kreye espas pou timoun nan sosyete a.

Site Soley

Prim Soley Leve



Prim Solèy Leve te fonde nan 2014 pa Louino ROBILLARD youn nan lidè sosyal ki ap travay pou Chanjman nan Site Soley. Li te kreye Prim sa pou honore jèn lidè k'ap mete tèt yo asanm nan lespri **KONBIT** pou kreye chanjman pozitif nan kominote yo. Ouvè bwochi sa a pou aprann plis sou moun ki ap resevwa prim ane sa ane sa !

Ane 2015

Mèsi tout moun ki te kontribiye nan kanpay Indiegogo a, tout lot zanmi ak patne ki te bay èd yo, e Kominote Seleksyon an:

Steeve Colin, Garissine (Gama) Pierre, Erneso Duvert, Jessica Hsu, ak Daniel Tillias,

Ann kontinye fè Konbit

Lidè ki Nomine pou "Prim Soley Leve" 2015



Smith Petioth

Ki soti: **Boston**

Pou travay li ak:

CLEDOR &

Konbit Soley Leve

Smith Petioth se yon jèn lidè ki soti Boston. Li se yon volontè depi lontan nan mouvman Konbit Soley Leve. Li se yon moun ki pa sèlman konn pale, men se yon moun ki konn aksyon. Li toujou la lè moun bezwen li, e li toujou pare pou fè tout sa li kapab pou yon vizyon pozitif. Tout moun nan mouvman an, kelkèswa kote yo sòti, kapab toujou depann sou Smith.

Smith pran enspirasyon nan men lòt òganizasyon ki nan fanmi Konbit Soley Leve, e li deside pou li enplate lespri konbit la nan Boston. Malgre anpil moun pa te konprann li, Smith te pèsiste e reyisi konvenk moun ke yo oblije fè plis pou kominote yo a.

Finalman, nan 2012, li te fè patenarya ak lòt jèn lidè nan kominote Boston pou fòmè Cle d'Or. Cle d'Or vinn jwe yon gwo wòl enpotan nan kominote a, e yo travay ak timoun e jèn moun nan Boston.



Samuel Cadet

Ki soti: **Bwa Nef**

Pou travay li ak:

RAVAGEP &

Konbit Soley Leve

Samuel Cadet se yon jèn ki sòti Bwa Nèf e ki ap sòti tèt li kòm lidè pandan denyè ane yo. Li genyen anpil pasyon pou enspire lòt jèn pou respekte e pwoteje anviwonman .

Samuel travay di pou kreye yon jaden kominote nan Bwa Nef ki bay manje ak opòtinote edikatif pou kominote li. RAVAGEP, ki se òganizasyon li, fè anpil pwomosyon pou edikasyon, anviwonman, ak lapè.

Samuel se yon volontè aktif nan mouvman sosyal Konbit Soley Leve, SAKALA, Haiti Comunitere, ak Mikwo-Platfòm pou Lapè AFCS a. Enèji li, foug li, e dedikasyon li genyen pou travay li se yon enspirasyon pou nou tout nan tan difisil sa yo.



Junior Fogel Henri

Ki soti: **Cite Lumiere**

Pou travay li ak:

OJNVACS &

Konbit Soley Leve

Junior Fogel Henri se yon jèn lidè ki sòti 3^{em} Site Limyè. Li se yon volontè nan mouvman sosyal Konbit Soley Leve depi lontan, e nan ane sa yo li vin youn jèn ki toupatou nan patisipe nan aksyon pozitif malgre pwoblem anwo ak anba ke fwa nan site soley.

Junior te jwenn anpil enspirasyon nan Jaden TapTap nan SAKALA, e apre li te asiste yon fòmasyon nan jaden La vil ke Future Generations Haiti te organize ak SAKALA li te youn nan premye moun kite kreye pwòp ti jaden pa li nan kek kawoutchou nan do kay. Apre li te vin wè travay La Difference fè nan ti kwen kote yo ye li te vin bay tout tan li pou kreye yon espas vèt nan Site Limyè, e li ta renmen pou katye li vin yon modèl pou lòt menm jan ak La Difference.

Li wè pou reyisi ak vizyon sa a, li ta dwe etabli yon òganizasyon nan zòn nan. Kidonk, li te fonde OJNVACS nan 2014, e yo ap fè sansibilizasyon, ak aksyon pou fè moun nan kominote yo pran responsabilite yo.